



Pou Piblikasyon Imedya: 09/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 13 NOMINASYON NAN REJIS ETA AK NASYONAL
PLAS ISTORIK YO**

Sit yo reprezante yon varyete resous istorik, enkli yon sit kle ki asosye ak istwa LGBTQ+ Rochester a, yon sinagòg istorik nan Upper West Side nan Manhattan, yon pak piblik nan Ithaca, yon legliz ki konekte ak istwa dwa sivil Yonkers yo ak yon Kay Lustron yo rebati nan Vil Eden

Komisyon Konsèy la soumèt yon demann pou deplase yon resous ke yo liste nan konte Columbia nan Sèvis Pak Nasyonal la

Enskripsyon sou rejis yo ede asire prezèvasyon atravè investisman piblik ak prive

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke Konsèy pou Prezèvasyon Istorik Eta New York la (New York State Board for Historic Preservation) te rekòmande pou yo ajoute 13 pwopriyete nan Rejis Eta ak Nasyonal Plas Istorik yo epi soumèt yon demann pou deplase yon resous ke yo liste nan Sèvis Pak Nasyonal la (National Park Service). Nominasyon yo gen ladan yon sit kle ki asosye ak istwa LGBTQ+ Rochester a, yon sinagòg istorik nan Upper West Side nan Manhattan, yon pak piblik nan Ithaca, yon legliz ki konekte ak istwa dwa sivil Yonkers yo ak yon Kay Lustron yo rebati nan Vil Eden

"Anviwònman bati New York la fè nou sonje istwa rich ak divès eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nominasyon sa yo reflekte kèk pati nan pase nou an epi demontre kapasite Nouyòkè yo pou kwasans, inovasyon, demonstrasyon, ak chanjman. Ajoute sit sa yo nan rejis istorik nou yo mete aksan sou wòl yo te jwe - epi yo pral kontinye jwe - nan istwa New York."

Rejis Eta ak Nasyonal yo kapab ede pwopriyete yo modènize pwopriyete yo, sa k ap fè yo vin kalifye pou plizyè pwogram ak sèvis prezèvasyon piblik, tankou sibvansyon kontrepati eta a yo ak kredi taks federal ki disponib pou reyabilitasyon istorik yo.

Erik Kulleseid, ki se Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York lan, te deklare, "Investisman nan resous istorik nou yo se yon investisman nan fiti nou an. Pak Eta yo konnen ki jan resous nou yo ekstrawòdinè epi nou angaje nou

pou konsève ak pwomouvwa tisi istorik sa a. Avèk rekonesans Rejis Eta ak Nasyonal la, opòtinite pou kredi taks eta ak federal yo ka ede mennen nan efò prezèvasyon pou pi devan epi ankouraje plis investisman nan kominote nou yo."

Komisè Adjwen Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) Eta New York la, Daniel Mackay, te deklare, "Lis nominasyon sa yo se yon refleksyon remakab sou lajè enfrastrikti istorik ki egziste nan vil, komin, ak katye nou yo epi li raple nou ki jan plas yo ka ede rakonte istwa kolektif nou an. Nan Divizyon pou Prezèvasyon Istorik la, nou pran angajman pou sipòte resous istorik New York yo, ki gen ladan deziyasyon nan Rejis Eta ak Nasyonal yo, e nou fyè pou n kontinye fè travay sa a."

Eta New York kontinye dirije nasyon an nan itilizasyon Kredi Taks Istorik yo, ak 4.5 milya dola nan depans reyabilitasyon total soti nan ane 2017-2021. Depi 2011, pwogram Kredi Taks Istorik la te ankouraje plis pase 12 milya dola nan depans pwojè nan Eta New York, sa ki kreye gwo investisman ak nouvo djòb. Dapre yon [rapò](#), ant 2017-2021 kredi yo nan Eta New York te jenere 69,769 djòb epi te pwodwi plis pase 1.3 milya dola nan taks lokal, eta ak federal yo.

Rejis Eta ak Nasyonal yo se lis ofisyèl bilding, estrikti, distri, peyizaj, bagay ak sit enpòtan nan listwa, achitekti, akeyoloji ak kilti Eta New York ak peyi a. Gen plis pase 120,000 pwopriyete istorik toupatou nan eta a ki nan Rejis Nasyonal Lye Istorik la, endividyèlman oswa tankou eleman nan distrik istorik yo. Mèt pwopriyete yo, minisipalite yo, ak òganizasyon yo nan kominote toupatou nan eta a te pwopoze nominasyon yo.

Lè Komisè ki sèvi kòm Ofisye Prezèvasyon Istorik Eta a fin apwouve rekòmandasyon yo, y ap antre pwopriyete sa yo nan Rejis Lye Istorik Eta New York la epi apre sa y ap pwopoze yo pou yo mete yo nan Rejis Lye Istorik Nasyonal la, kote y ap egzamine yo, epi yon fwa yo apwouve yo, y ap antre yo nan Rejis Nasyonal la. W ap jwenn plis enfòmasyon, avèk foto sou nominasyon, disponib sou [sitwèb](#) Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la.

Distri Kapital

Columbia Turnpike East Tollhouse, Konte Columbia - Columbia Turnpike East Tollhouse, ki sitiye sou bò nò State Route 23 nan Vil Hillsdale, se yon bilding sivivan ki ra ak enpòtan nan epòk otowout ak peyaj nan Eta New York. Ansyen Columbia Turnpike la se te yon wout tèrès ant lwès Massachusetts ak Rivyè Hudson nan Hudson, New York, ki te aktif ant 1799 ak 1906. Yo te bati kay peyaj an bwa a pou sèvi kòm kay pou gadyen peyaj la epi, jiska 1906, bilding lan te devan yon pòtay peyaj ke yo te ka monte ak desann pou limite mouvman sikilasyon sou wout la. Yo te mete bilding lan nan Rejis Nasyonal Plas Istorik yo an 2016 epi amannman an pwopoze pou deplase bilding lan nan trant pye pou pwoteje bilding lan kont danje sikilasyon ak danje wout yo. Komisyon Konsèy la te revize epi apwouve nouvo lokal la kòm karaktè ki sanble ak sit orijinal la. Deplasman an, ki te dirije pa Friends of East Gate, ta enkli epi kenbe karakteristik orijinal, oryantasyon, ak entèrelasyon istorik bilding lan ak wout la.

Finger Lakes

Oak Hill Country Club, Konte Monroe - Oak Hill County Club nan vil Pittsford te devlope an 1924-26 ak de teren gòlf ki gen dizwit twou ki antoure yon gwo paviyon ki gen estil Renesan Tudor. Tou de tèren yo te fèt pa mèt konseptè tèren gòlf Donald Ross nan kòmansman ventyèm syèk la, epi yo se bèl egzanz travay Ross la, ki te karakterize pa yon apwòch natiralis. Li te itilize pant yo nan ansyen tè agrikòl yo pou amenaje wout ak vèdi ki sibtilman kontoune, bay apwòch ouvè antoure pa obsta ki stratejikman pwoteje vèdi yo soti nan devan an ak sou kote yo. Apre sa, tèren yo te amelyore ak yon pwogram pye bwa pwogresif, ki te dirije pa manm yo, ki te ajoute plis defi atravè plantasyon pyebwa vast ak estratejik. Malgre ke tèren lès la te chanje plizyè fwa pou adapte li ak estanda gòlf kontanporen yo, li te fèk retabli pou koresponn ak konsepsyon orijinal la. Kou lwès la rete prèske konplètman entak nan konsepsyon Ross la. Klèb Renesan Tudor elaji a te konstwi an 1929 selon konsepsyon yon konpayi lokal, Thompson, Homes and Converse, epi li se yon egzanz ekselan ak trè entak nan kalite li yo.

Todd Union, Konte Monroe - Todd Union se yon bilding nan estil renesans Jòjyen ki sitiye sou Kanpis Rivyè University of Rochester a nan vil Rochester. Konstwi an 1930 epi li te pote non yon biznismann ki enpòtan nan Rochester ak defansè kanpis George W. Todd, se achitèk Rochester yo ki se Gordon ak Kaelber ki te fè konsepsyon an. Konstriksyon li te reflekte wòl li kòm yon sant aktivite e li te enkli enstalasyon restoran, sosyal, makèt, kwafè, jwèt ak klèb pou elèv yo. Todd Union gen yon asosyasyon byen bonè epi ki enpòtan ak Fwon Liberasyon Omoseksyèl nan University of Rochester (University of Rochester's Gay Liberation Front, UR GLF), yon òganizasyon ki te travay pou avanse mouvman liberasyon omoseksyèl yo nan kanpis la ak nan vil Rochester. Baze nan yon biwo nan Todd Union, UR GLF te rasanble ak pataje resous, òganize pwogram ak evènman defans, planifye aktivite espesyal, pwodui premye edisyon jounal *The Empty Closet*, epi li te kreye kominote. UR GLF konsidere kòm orijin mouvman dwa LGBTQ+ la ak yon aktivis nan zòn Rochester, epi Todd Union se te yon espas sosyal ki enpòtan ki te sèvi pon ant elèv yo ak manm kominote yo, sa ki te ede etabli yon kominote LGBTQ+ k ap pwospere ak vizib nan vil ak zòn ki antoure yo.

Long Island

York Hall, Konte Suffolk - Sitiye sou teren ansyen Sant Sikatrik Kings Park (Kings Park Psychiatric Center, KPPC) epi kounye a nan limit Pak Eta Nissequogue River nan vilaj Kings Park, York Hall se yon bilding teyat ki fèt nan estil renesans kolonyal ki konsevwa pa biwo achitèk Eta New York la epi li te bati nan kòmansman ane 1930 yo. Se te yon etablisman fleksib pou itilizasyon miks, ak aktivite amelyore ki te kapab akomode yon pakèt aktivite lopital ak kominotè, tankou pwodiksyon teyat, mizik, sinema; baskètbòl ak lòt espò lwazi; restoran; sèvis relijye; pèfòmans pasyan, ekpozisyon, ak lavant atizay; ak plis ankò. Li te sèvi kòm yon sit ki te konekte lopital la ak kominote a epi ki te jwe yon wòl santral nan lavi anplwaye yo ak popilasyon pasyan yo.

Mid-Hudson

Legliz Presbiteryèn Westminster, Konte Westchester- Ansyen Legliz Presbiteryèn, ki kounye a se Messiah Baptist Church (Legliz Batis Mesi a), sitiye nan Vil Yonkers. Okòmansman li te konstwi nan ane 1880 e ki baze sou konsepsyon pa achitèk legliz ki baze nan Vil New York ki se Lawrence B. Valk, bilding lan se yon egzanp solid yon legliz Pwotestan Renesans Gotik nan fen dizneyèm syèk la. An 1965, yo te vann bilding lan bay Messiah Baptist Church, pi ansyen kongregasyon legliz Nwa nan Konte Westchester. Legliz la te jwe yon wòl santral nan alafwa kominote Nwa Yonkers yo ak Konte Westchester depi fen dizneyèm syèk la e li te yon pwen fokal rejyonal pou mouvman dwa sivil la. An 1965, legliz la te òganize yon rasanbleman Konsèy Travay Negwo-ameriken, ak diskou pa Rev Doktè Martin Luther King, Jr., A. Phillip Randolph nan Konsèy Travay Negwo-meriken an, ak James Farmer nan Kongrè pou Egalite Rasyal la. Ant 1988 ak 1990, anba lidèchip Rev. Darryl George, Messiah Baptist Church la te yon baz prensipal pou inisyè ak òganize mouvman desegregasyon ki medyatize anpil nan Yonkers.

Distri Istorik Tioronda Estate-Craig House, Konte Dutchess - Sitiye nan Vil Beacon ak Komin Fishkill, sant pwopriyete ki sou 28 ekta a se Tioronda, pwopriyete Joseph ak Eliza Woolsey Howland nan mwatye dizneyèm syèk la, ki gen ladann yon kay prensipal Renesans Gotik ak Renesans Kolonyal ak adisyon Kay Anglè ak depandan nan yon anviwònman pitorèsk ak konsepsyon. Achitèk Frederick Clarke Withers ak Richard Morris Hunt te fèt bilding imobilye a pou fanmi Howlands, ki gen ladan Catharine, sè Howland, ki te marye ak Hunt an 1861. Konsepsyon peyizaj la te travay òtikiltè Henry Winthrop Sargent, yon pwoteje ak patwon Andrew Jackson Downing. An 1915, Doktè Clarence Jonathan Slocum ak Robert Lamb te achte byen imobilye a epi li te vin Craig House Sanitarium, yon enstitisyon prive ki te defann apwòch tretman moral pou swen sante mantal. Doktè Slocum, yon pratikan prensipal nan tretman moral, enkòpore tout karakteristik yo nan kay kanpay riral la ak peyizaj pitorèsk nan lopital la, ki te konte sou tretman endividalize nan bèl anviwònman natirèl yo. Nan ane 1950 yo, tretman medsin sante mantal te kòmanse rann enstalasyon tankou Craig House demode.

Mohawk Valley

Distri Istorik Beeches, Konte Oneida - The Beeches se yon gwo domèn sofistike nan debi ventyèm syèk la nan vil Rome. Bilding yo ak teren yo te fèt ant 1916 ak 1949 pou fanmi Frank Potter, yon envantè ak biznisman lokal, epi yo enkli sis bilding an wòch Renesans Tudor, yon pisin istorik an beton, ak de estrikti ki gen pòtay an wòch. Peyizaj la gen rakbwa ak yon gazon ouvè ki an pant, ak yon ale sèpante ki ini bilding lan anwo ak anba kolin lan. Beeches la enpòtan tou pou kontribisyon li nan istwa ekonomik Rome espesyalman pou asosyasyon li ak fanmi Destito, ki te achte The Beeches an 1949 epi devlope li an yon restoran ak yon konplèks motèl enpòtan nan rejyon an. Lè yo ajoute akomodasyon pou nwit la, tankou yon motèl nan estil Renesans Jòjyen, ak aktivite tankou gòlf ak natasyon, yo te elaji atre restoran an pou atire touris rejyonal yo, pwofite pwoksimite yo ak nouvo Griffiss Air Force Bas lae, Nouvo Thruway Eta New York la ki fèk fin, ak atraksyon tankou Adirondack Mountains, Vernon Downs Raceway, ak magazen yo. Sa a, ansanm ak ogmantasyon touris apre Dezyèm Gè Mondyal la, te fè

biznis yo fè siksè, popilè, ak dirab, sa ki te ranfòse ekonomi rejyonal la nan venteyinyèm syèk la.

Premye Legliz Kris la, Syantis, Konte Oneida - Okòmansman bati nan vil Utica an 1914, ansyen Premye Legliz Kris la, Syantis, te fèt pa konpayi achitekti Utica, Agne, Rushmer & Jennison. Li se yon egzanp trè entak ak karakteristik konsepsyon achitekti Renesans Klasik epi li reprezante kwayans senp ak rasyonèl legliz Syans Kretyen kontanporen yo ankouraje yo. Aktyèlman li posede pa Sosyete Istorik Konte Oneida epi yo konnen li kòm Sant Istwa Konte Oneida.

New York City

Legliz Refòmè Evanjelik Literyèn Anglikán, Konte Kings - Sitiye nan katye Cypress Hills nan East New York nan Brooklyn, legliz an brik ak tè 1908 te fèt pa achitèk ki baze nan New York William P. Bannister ak Richard M. Schell, ki gen konpayi ki te espesyalize nan bilding eklezyastik. Legliz estil Renesans Gotik Anglikán lan te diferan nan mitan denominasyon Literyèn lan nan Brooklyn nan moman konstriksyon li a, e chwa pou yo kraze estil achitekti tradisyonèl Alman yo sanble reflekte desizyon kongregasyon an pou ede manm legliz yo ki vle asimile nan kilti anglofòn ki domine nan karye a, sa vle di nan enklòpore anglè nan sèvis adorasyon ak pwogram edikasyon yo. Vann pa Synod Metwopoliten New York an 2016, kounye a bilding lan yo konnen li kòm "Citadel Cathedral of Praise and Worship" epi sèvi yon kongregasyon pentkotist aktif.

Distri Istorik Prospect Lefferts Gardens, Konte Kings - Sitiye nan kè katye Prospect Lefferts Gardens nan minisipalite Brooklyn, Distri Istorik Prospect Lefferts Gardens lan anglobe prèske 800 resous kontribitif. Istwa devlopman distri sa a te separe de Distri Istorik Lefferts Manor (NRHP 1992) ak Distri Istorik Lefferts Manor Boundary Increase (NRHP 2017) epi konsa, yo rekonèt li kòm pwòp distri istorik li. Pa egzanp, alyans restriksyon sou pwopriyete yo nan Lefferts Manor Historic District ak Boundary Increase te bay zòn sa a yon stil trè diferan, tandiske Distri Istorik Prospect Lefferts Gardens te evolye plis òganikman. Ant ane 1890 yo ak ane 1930 yo, anpil bòs mason ak achitèk pwolifik Brooklyn te enklòpore estil popilè achitekti iben nan konsepsyon yo pou kay an ranje nan distri a, bilding apatman, ak bilding pou plizyè itilizasyon, tankou estil Renesans Tudor, Newoklasik, ak estil Atizay Dekoratif.

Tanp Izrayèl Vil New York, Konte New York - Kounye a Young Israel of the West Side, sinagòg istorik sa a nan katye Upper West Side nan Manhattan gen ladann yon espas sanktyè twa etaj ak yon bilding kominotè kat etaj ki atache. Fèt pa achitèk William Tachau epi ki te bati an 1922, li se yon egzanp konsepsyon sinagòg Ameriken nan kòmansman ventyèm syèk la ak estil renesans klasik li yo ak enklòporasyon nan alafwa espas adorasyon ak espas rasanbleman kominotè. Konsèp "sant sinagòg" sa a se te yon kalite sinagòg ki tipikman Ameriken epi li te bay espas pou kongregasyon jwif yo pou yo ofri adorasyon relijye, edikasyon, ak sosyalizasyon pou kominote pa yo. Konstriksyon sinagòg la te kowenside ak demenajman anpil rezidan jwif yo ki soti Harlem pou rive nan Upper West Side, kòm estòk lojman ak chanjman demografik t ap fèt nan vil la apre Premye Gè Mondyal la, Jodi a, bilding lan kontinye sèvi kòm yon kay pou alafwa espas jwif ak sèk pou kominote katye Upper West Side la.

Southern Tier

Distri Istorik Komèsyal Prattsburgh, Konte Steuben - Distri Istorik Komèsyal Prattsburgh reprezante prèske tout istwa komèsyal ti vilaj Prattsburgh la ant ane 1870 yo ak jodi a. Distri a se yon ranje kontinyèl ki gen uit bilding an briq ak beton pou itilizasyon miks ki gen anbelisman estil italyen ak Newoklasik ki te konstwi ant epòk 1874 ak epòk 1913. Anplis de sa, distri a gen ladan yon gwoup senk bilding ki te konstwi kòm depo, boutik, ak ekiri asosye epi ki gen yon relasyon sere an peryòd ak an fonksyon ak distri biznis prensipal la. Kòm yon koleksyon diferan nan vilaj la, bilding komèsyal sa yo montre estil tipik nan achitekti komèsyal nan fen diznevnyèm ak kòmansman ventyèm syèk la nan lwès New York.

Stewart Park, Konte Tompkins - Stewart Park, ki posede pa Vil Ithaca, se te yon pak lwazi ke jenerasyon rezidan Ithaca te jwi. Peyizaj pak la reflekte evolusyon resous lwazi piblik Ithaca yo, ke yo ka wè nan koleksyon karakteristik ak ekipman pak la. Gen senk zòn ki vizyèlman diferan nan kat pasèl istorik yo, yo tout te devlope soti nan fen ane 1800 yo jiska ane 1950 yo: Renwick Park, Cascadilla Athletic Grounds, Fuertes Bird Sanctuary, Renwick Wildwood, ak Newman Golf Course. Yon fwa yo posede oswa lwe pa divès antite ki afekte devlopman yo - fanmi Renwick la; Lekòl Cascadilla; Divizyon Lak Cayuga nan Ithaca Street Railway; estidyo fim Wharton, Inc. - nan 1921 Vil Ithaca te akeri tout pakèt separe yo epi li te ouvri Stewart Park pou itilizasyon piblik gratis an 1923. Pak la konsève plizyè bilding ak estrikti ki se egzanp sivivan inabityèl nan kalite yo ak yon wo nivo degre entegrite achitektirèl ki ede ilistre estil yo chwazi pou itilizasyon yo, ki gen ladan yon kay bato, paviyon, tèren tenis, platfòm, yon kawousèl, pasyèl, espas pou jwe, pòtay, yon kay tè, ak plis ankò.

Western New York

Lustron House Westchester Deluxe Modèl M02 #01310, Konte Erie - Lustron House Westchester Modèl M02 #01310, sitiye nan Vil Eden, se yon egzanp ekselan, entak yon kay Lustron ki prefabrike ak yon garaj kowòdone G-1 Lustron entak. Tou de se egzanp remakab kalite ki deplizanpli ra nan mezon an mas prefabrike ki te fèt pa Lustron Corporation pandan egzistans kout li apre Dezyèm Gè Mondyal la. Imedyatman ki te rekonèt pa pano an asye emaye yo, kay Lustron yo reprezante inovasyon ki te ankouraje pa mank lojman apre lagè e ki rive posib gras ak avansman nan endistriyalizasyon. Kay Lustron yo te komèsyalize kòm kay yo te kapab anbale, anbake, ak rasanble nenpòt kote atravè peyi a men, malgre gwoup yo, yo te pwodwi mwens pase 2,700 kay soti nan 1946-1950. Yo te konstwi modèl Westchester Liksyè ak garaj sa a okòmansman nan Westfield nan Konte Chautauqua an 1949/1950, epi an 2017 yo te dekonstwi yon fason metikile lè yo sèvi avèk direksyon orijinal konpayi yo kòm yon gid epi pita rekonstwi sou yon nouvo fondasyon nan Eden an 2018.

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, teren gòlf, anbakasyon bato ak plis ankò, ki te wè yon kantite rekò 79.5 milyon vizitè an 2022. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite www.parks.ny.gov, telechaje aplikasyon mobil gratis [NY State Parks Explorer](#) a oswa rele 518.474.0456. Epiou, konekte sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [Twitter](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)